



RIVERSIDE

Rehabilitation Hospital

In Partnership with Select Medical

Regleman pou Èd Ekonomik

Apwouvè a:	Dat dènnye Apwouval:	Dat Sòti:	Vèsyon: 2018-1
------------	----------------------	-----------	-------------------

Fèy ki enprime yo la sèlman pou referans. Tanpri tcheke kopi elektronik lan pou dènnye vèsyon an.

Referans/Egzijans Reglemantè:

Regleman sa a an konfòmite ak Kòd sou Enpo ki nan seksyon 501(r) ansanm ak sa ki gen pou wè ak Kontwòl Trezò Piblik.

Regleman pou Èd Ekonomik

Regleman Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon se bay Swen ki se Nesesite Medikal pou pasyan san gade sou ras, kwayans, oswa kapasite pou peye. Pasyan ki pa gen mwayen pou peye sèvis Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon bay yo kapab mande èd ekonomik k ap rive akòde dapre fòmalitye ak kondisyon ki tabli piba a.

I. Kontèks

- A. Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon se yon lopital pou reyabilitasyon pasyan ki entène yo e ki ap fonksyone epi jere nan yon fason ki konfòm jeneralman ak egzijans Sistèm Sante Riverside la nan kad seksyon 501(c)(3) ki nan Kòd Enpo ak òganizasyon charitab yo nan kad lwa eta a.
- B. Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon angaje li nan bay Swen ki rantre nan kad Nesesite Medikal. "Swen ki se Nesesite Medikal" rive jwenn pasyan yo san gade sou ras yo, kwayans yo, oswa kapasite pou yo peye.
- C. Kategori ki benefisye Regleman Èd Ekonomik lan gen tandans pou se pasyan ki pa asire yo ki abite nan ozalantou 50 mayl distans de lokal Lopital Riverside la epi tou se moun ki gen Inkòm Fanmi an fè pou Ane a ki pa depase 200% Kritè Inkòm Klas Enkapab dapre Federal (the FPG) ke Etazini pibliye tanzantan. Depatman Lasante ak Sèvis zafè Kreyen-vivan epi ki aktif nan dat sèvis ki la pou rekonpans èd ekonomik nan kad Regleman sa a. Pasyan ki ap rankontre difikilte ekonomik oswa pèsònèl oswa sikonstans medikal ki espesyal kapab kalifye tou pou èd. Nan okenn sikonstans nou p ap takse yon pasyan ki kalifye pou èd ekonomik nan kad Regleman sa a plis pase montan lajan bòdwo ki sòti jeneralman pou yon kalite swen konsa.

- D. Pasyan yo gen atant pou yo kolabore ak machaswiv Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyonnan lide pou yo rive jwenn Èd Ekonomik oswa lòt fòm pèman, epi tou pou yo kontribye nan pri swen yo a koute dapre jan chak moun anmezi pou peye.

II. Definisyon

"Inkòm Fanmi an fè pou ane a" detèmine lè yo itilize definisyon Biwo Resansman an bay la, kidonk sèvi ak inkòm sila a lè y ap tabli machaswiv biwo federal la pou klas enkapab:

- Tankou salè, dedomajman chomaj, dedomajman travayè, Sekirite Sosyal, Inkòm Adisyonèl pou Sekirite, Èd piblik, pèman veteran, avantaj reskape, pansyon oswa inkòm retrèt, enterè, dividann, lwaye, redevans, inkòm ki soti nan byen, obligasyon, èd pou edikasyon, pansyon, chaysipòt, èd ki soti andeyò fwaye a, ak lòt sous ki melanje.
- Avantak ki pa lajan kach (tankou foudstèp ak sibvansyon kay) pa konte.
- Inkòm nan kalkile sou baz avan-taks.
- Si yon moun ap viv ak fanmi dirèk li, ladan gen inkòm pou tout lòt manm fanmi yo

"Aplikasyon" vle di pwosesis pou aplike nan kad Regleman sa a, tankou swa (a) lè w ranpli aplikasyon pou èd ekonomik Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon an pèsòn, sou entènèt, oswa pa telefòn ak yon ajan, oswa (b) lè w poste oswa livre yon kopi konplè Aplikasyon an bay Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon.

"CBO" vle di Biwo Santral Bòdwo ak Kolekte Dèt.

"Fanmi" t a vle di pasyan an, madanm pasyan an (san konte kote madanm nan ap viv) ak tout lòt pitit adoptif oswa reyèl pasyan an ki gen mwens pase dizwitan epi ki ap viv ansanm ak pasyan an. Si pasyan an gen mwens pase dizwitan, fanmi an t a dwe gen ladan pasyan an, paran adoptif oswa reyèl pasyan an (san konte ki kote pasyan ap viv), ak tout lòt pitit adoptif oswa natirèl pasyan an genyen ki mwens pase dizwitan daj ki ap viv nan kay la.

"FPG" t a vle di machaswiv biwo Federal la tabli pou detèmine Inkòm klas enkapab e ki pibliye tanzantan nan Etazini. Depatman Lasante ak Sèvis zafè Kreyen-vivan epi ki aktif nan dat sèvis la.

"Pasyan ki Asire" se moun ki gen nenpòt asirans sante gouvènman an bay oswa prive.

"Swen ki se yon Nesesite Medikal" t a vle di sèvis sila yo, jan Medicare defini sa a, ki rezonab epi nesèsè pou dyagnostike epi fè tretman pou prevansyon, soulajman, gerizon oswa reparasyon kondisyon fizik oswa medikal dapre nòmalite ki rekonèt pwofesyonèlman kòm swen sante yo aksepte jeneralman nan moman sèvis yo ap bay la. Swen ki se yon Nesesite Medikal pa gen ladan medikaman ki sou preskripsyon

pasyan ekstèn.

"Regleman" t a vle di Regleman Èd Ekonomik antanke aktif alèkile.

"Pasyan ki pa Asire" se moun: (i) ki pa genyen yon asirans sante ki prive oswa gouvènman an bay; (ii) ki genyen avantaj asirans yo ki perime; oswa (iii) sila yo ki gen avantaj asirans yo ki pa rive kouvri Swen ki se Nesesite Medikal pasyan an ap chèche a menm.

III. Rapò ak Lòt Regleman

- A. Regleman ki gen Rapò ak Sèvis Ijans Medikal – Sèvis Ijans yo pa fèt nan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon.
- B. Kouvri Preskripsyon Medikaman – Pasyan ki gen neseseite èd ak pri medikaman ki nan preskripsyon yo kapab kalifye pou youn nan pwogram èd pou pasyan ke konpayi famasi yo ofri.

IV. Kritè pou Kalifye pou Èd Ekonomik

Pasyan ki ap chèche swen nan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ki ranpli kritè ki piba a kalifye pou èd ki dekri nan Seksyon VII ki nan Regleman sa a.

- A. Èd Ekonomik ki chita sou Inkòm-
 - 1. Pasyan ki nan kategori Pasyan ki pa Asire yo epi tou ki gen Inkòm Fanmi an fè pou Ane a ki pa depase 400% pou FPG a,
 - 2. Ki ap chèche Swen ki se yon Nesesite Medikal nan sèvis lopital pou pasyan entènè, epi
 - 3. Ki ranpli omwens youn nan kritè ki piba a:
 - a. Se yon sitwayen Ameriken
 - b. Posede yon Grinkat Etazini (USCIS Form i-551)
 - c. Abite ozalantou Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon (detèmine dapre yon perimèt 50 mayl ozalantou lokal la).
- B. Lòt Fason pou Kalifye pou Èd – Yon pasyan ki pa kalifye otreman pou èd ekonomik nan kad Regleman sa men tou ki pa anmezi pou peye pri Swen ki se Nesesite Medikal la kapab chèche èd nan sikonstans sila yo:
 - 1. Sikonstans Eksepsyonèl – Pasyan yo prezante kòm moun ki ap rankontre difikilte ekonomik (ladan genyen yon maladi ki nan dènne faz oswa lòt sitiyoasyon medikal ki grav).
 - 2. Sikonstans Medikal Espesyal – Pasyan ki ap chèche tretman ke se sèlman estaf medikal Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon oswa ki t a kapab benefisyè sèvis medikal pwolonje nan men Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon pou swivi tretman.

Demand pou èd akòz Sikonstans Eksepsyonèl oswa Sikonstans Medikal Espesyal ava sibi evalyasyon sou yon baz ka-pa-ka ak yon detèminasyon Manadjè CBO a ava fè.

- C. Depistaj Medikal – Pasyan ki pa Asire yo e ki ap chèche swen nan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon kapab jwenn yon ajan ki kontakte yo pou detèmine si yo kalifye ou pa pou Medicaid. Pasyan ki pa Asire dwe mache kòrèk ak pwosesis kalifikasyon Medicaid la pou yo kapab kalifye pou èd ekonomik nan kad Regleman sa a.

V. Fason pou Aplike

- A. Èd Ekonomik ki chita sou Inkòm.

1. Tout pasyan ki ap chèche èd ekonomik ki chita sou inkòm nenpòt kilè nan pwosesis orè oswa taksasyon an kapab ranpli aplikasyon pou èd ekonomik lan epi tou yo ava mande w pou bay enfòmasyon sou Inkòm Fanmi an pa Ane pou period twa mwa ak douz mwa imedyatman anvan dat pou revizyon kalifikasyon an. Sèvis Verifikasyon Inkòm Asosye kapab itilize kòm prèv pou Inkòm Fanmi an fè pa Ane. Ou kapab jwenn Aplikasyon pou Èd ekonomik nan pati pou Admisyon nou yo, sou entènèt la nan www.riverside-rehabilitation.com oswa nan men yon ajan ki nan lokal oswa biwo biznis nou an.
2. Si genyen yon depaman ant de sous enfòmasyon, yon ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon kapab mande plis detay ki pou sipòte Inkòm Fanmi an fè pa ane.

- B. Sikonstans Eksepsyonèl yo

Pèsonèl Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava demare yon aplikasyon pou tout pasyan yo idantifye kòm te sibi oswa riske sibi balans depase oswa yo te repòte kòm moun ki te konnen difikilte ekonomik oswa pèsonèl ki depase. Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava ranmase enfòmasyon sou sikonstans ekonomik ak difikilte pèsonèl nan men pasyan an. Se Manadjè CBO a ki fè detèminasyon yo anba direksyon CFO a oswa konsène a. Pasyan an ava jwenn notifikasyon pou rezilta final la.

- C. Sikonstans Medikal Espesyal

Pèsonèl Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava demare yon aplikasyon pou tout pasyan yo idantifye pandan pwosesis orè a oswa admisyon an kòm moun ki konnen sikonstans medikal espesyal trè pwobab epi tou yon ajan ava mande w yon rekòmandasyon nan men doktè a ki ap oswa ki t a dwe ap fè tretman an oswa bay swen an kòm pou di si pasyan an bezwen tretman kote se sèl estaf medikal Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon kapab bay, oswa t a kapab benefisye sèvis swivi medikal nan men Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon pou swivi swen. Se doktè

tretan an ki ap detèmine sou sikonstans medikal espesyal yo. Pasyan an ava jwenn notifikasyon alekri pou si yo kalifye ou pa pou èd ekonomik jan sa dwe ye pou sikonstans medikal espesyal yo.

D. Aplikasyon ki Enkonplè oswa ki Manke

Pasyan yo ava jwenn yon avi sou enfòmasyon ki manke nan Aplikasyon an epi resevwa yon opòtinite ki rezonab pou sipòte sa.

VI. Pwosesis pou Detèmine Kalifikasyon

A. Enntèvyou Ekonomik

Yon ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava eseye rantre an kontak pa telefòn ak tout Pasyan ki Pa Asire yo a nenpòt kilè pou dosye èd ekonomik nan moman planifikasyon orè a pou yon enntèvyou ekonomik. Ajan an ava mande pou enfòmasyon, tankou gwosè fanmi an, sous inkòm fanmi an ak tout lòt sikonstans ekonomik oswa degrengolad ki ka sipòte aplikasyon nan kad Regleman sa a epi ava ede nan ranpli yon Aplikasyon. Nan moman randevou a oswa sou admisyon, nou ava mande pasyan yo pou vizite ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon an epi siyen Aplikasyon an.

B. Nou Resevwa Aplikasyon yo

Tout Aplikasyon, swa se yon moun ki ranpli li an pèsòn, sou entènèt, pa livrezon oswa poste, ava transfere bay yon ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon pou evalyasyon ak egzekisyon.

C. Pou Detèmine Kalifikasyon

Yon ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava evalye epi egzekite tout Aplikasyon pou Èd Ekonomik yo. Pasyan an ava jwenn yon lèt ki ap enfòm li sou rezilta kalifikasyon an. Pasyan yo ki kalifye pou mwenske 100% èd ekonomik ava resevwa yon estimasyon montan dèt la epi ava gen obligasyon pou fè yon seri arajaman pou peye.

VII. Baz pou Kalkile Montan yo Takse Pasyan yo, Etalaj, ak Dire Èd Ekonomik lan.

Pasyan yo ki kalifye pou rekonpans èd ekonomik ki baze sou inkòm nan kad Regleman an ava resevwa èd dapre kritè inkòm sila yo:

- Si inkòm fanmi w pa ane rive jiska 200% nan kad FPG a, ou ava resevwa swen gratis oswa 100% egzonerasyon dèt pasyan an aprè asirans fin peye.
- Si ou pa asire, epi tou inkòm fanmi w pa ane depase 200% men mwenske 400% nan kad FPG a, yon egzonerasyon ki se 75% nan bòdwo kalifikatif yo takse kapab

disponib. Ou kapab kalifye pou resevwa to orabè sou yon baz ka-pa-ka ki chita sou sikonstans espesyal yo, tankou maladi grav oswa endijan medikal, sou lobedyans CBO a.

Mankman nan konfòmite ak pwosesis evalyasyon pou Èd Ekonomik ak Kouvèti Medicaid Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon dekalifye pasyan yo pou Èd Ekonomik.

Modifikasyon ki fèt nan rabè ki te akòde alavans t'ava dwe fèt si enfòmasyon ki an rapò yo fè konnen enfòmasyon ki rive jwenn Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon te enkòrèk.

Jan sa prezante la a, "montan ki takse jeneralman" gen siyifikasyon ki tabli nan IRC §501(r)(5) ak nan tout regleman oswa lòt machaswiv ki soti nan Depatman Trezò Piblik ak Sèvis Kontribisyon ki defini vokabilè sa a. Tcheke Appendix A pou yon eksplikasyon byen detaye sou fason yo kalkile "montan ki takse jeneralman". Gen mizajou ki fèt nan Appendix A chak ane epi tou li disponib sou entènèt la nan www.riverside-rehabilitation.com nan pati admisyon nou yo, epi tou sou demand kote w ap mande yon ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon pou sa.

Yon fwa Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon fin detèmine ke yon pasyan kalifye pou èd ekonomik ki baze sou inkòm, rezilta sa a valab pou (90) jou apatid dat revizyon kalifikasyon an. Aprè (90) jou, pasyan a kapab ranpli yon nouvo Aplikasyon pou chèche lòt èd ekonomik.

VIII. Pou Detèmine Kalifikasyon pou Èd Ekonomik Anvan Aksyon pou Pèman ki pa Fèt

A. Bòdwo ak Efò ki Rezonab pou Detèmine Kalifikasyon pou Èd Ekonomik

Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ap chèche pou detèmine si wi ou non yon pasyan kalifye pou èd nan kad Regleman sa a anvan oswa nan moman admisyon an oswa sèvis la. Si yon pasyan pa te rive detèmine kòm moun ki kalifye pou èd ekonomik anvan egzeryat oswa sèvis, Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava takse li pou swen. Si pasyan an pa gen asirans, Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava takse asirè pasyan an ki sou dosye li a pou montan ki afiche an. Sou desizyon asirè pasyan an, se pasyan an ki ava peye tout dèt li genyen ki rete. Si pasyan an pa gen asirans, Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ava takse pasyan an dirèkteman pou montan ki afiche a. Pasyan yo ava resevwa yon seri rive jiska kat bòdwo sou yon peryòd 120 jou ki ap kòmanse aprè pasyan an te egzeryate e nou ap voye yo nan adrès ki sou dosye pasyan an. Se sèlman pasyan ki rete yon balans ki ava resevwa yon bòdwo. Bòdwo yo gen ladan yon rapò ki nan yon langaj klè sou Regleman ak fason pou aplike pou èd ekonomik lan. Efò ki rezonab nan detèmine kalifikasyon gen ladan: Avi ki ale jwenn pasyan an sou Regleman konsènan admisyon epi alekri kòm aloral ak pasyan an sou bil pasyan an, yon efò pou avize moun nan pa telefòn konsènan Regleman an epi tou demach pou aplike pou èd omwens 30 jou anvan pouswit lajistis mete pye, epi tou yon yon repons alekri bay

tout aplikasyon pou èd ekonomik ki pou èd nan kad Regleman sa a ki depoze nan yon peryòd 240 jou apatid premye bòdwo ki konsène balans ki dwe a oswa, sizoka pita, dat yon ajans kolektè dèt ki ava egzèse nan non Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon pou fè balans kòb sa a ki rete a retounen jwenn Lopital la.

B. Demach Kolekte Dèt Balans

Si yon pasyan gen yon balans ki rete aprè rive jiska kat bòdwo ale jwenn li pandan yon peryòd 120, balans pasyan an ava transfere bay yon ajans kolektè dèt ki ap reprezante Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon ki li menm ava rapousib pou pèman an fèt. Ajans Kolektè dèt ki ap reprezante Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon an gen otorite pou li rapousib epi kolekte jiska rive 18 mwa soti nan tan lè balans dèt la te ale jwenn ajans kolektè a. Yon pasyan kapab aplike pou èd ekonomik nan kad Regleman sa a menm aprè balans dèt pasyan an genyen an rive transfere bay ajans kolektè a. Aprè omwens 120 jou fin pase soti nan premye bòdwo egzayat la ki montre montan ki dwe a, epi sou yon baz ka-pa-ka, Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon kapab rapousib epi kolekte atravè yon pwosè lè ke pasyan an gen yon balans dèt epi ava pa kolabore ak demand enfòmasyon oswa pèman ke Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon fè li oswa yon ajans kolektè ki ap travay nan non li fè.

Non okenn ka Swen ki se Nesesite Medikal p ap retade oswa refize ak yon pasyan anvan gen efò yo jije ki rezonab ki fèt pou detèmine si wi ou pa enbyen pasyan an kalifye pou èd ekonomik. Nan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon, yon pasyan ki pa gen asirans epi ki ap chèche pou benefisye nouvo sèvis epi ki pa te kalifye alavans pou èd ekonomik ava gen yon ajan ki kontakte li epi ki ap avize li sou Regleman e an menm tan ede pasyan an demare yon Aplikasyon pou èd ekonomik sizoka.

C. Revizyon ak Apwouval

Yon ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon gen otorite pou revize epi detèmine si wi ou pa gen efò ki rezonab ki te fèt pou evalye si wi ou pa yon pasyan kalifye pou èd nan kad Regleman an ansòtke kokennchenn demach kolektè dèt la kapab kòmanse fèt pou yon balans ki rete dwe.

IX. **Doktè yo pa kouvri nan kad Regleman Èd Ekonomik Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon an genyen an.**

Genyen kèlke sèvis doktè a bay enbyen ki pa kouvri nan kad regleman pou èd ekonomik Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon an genyen an. Sèvis sila yo kapab kouvri nan kad regleman pou èd ekonomik Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon an genyen sou entènèt la nan https://www.riversideonline.com/patients_guests/financial-assistance.cfm.

Doktè ki ap travay nan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon an ki pa kouvri nan kad Regleman sa a enbyen yo idantifye nan **Appendix B, Lis Pwofesyonèl Sante List**, pa non.

Lis sa a sibi mizajou chak trimès epi tou li disponib sou entènèt la nan www.riverside-rehabilitation.com,

Nan pati pou admisyon nou yo, epi tou sou demand kote w ap mande yon ajan Lopital Riverside pou zafè Reyabilitasyon pou sa.